# S.BAHADIROVA PROZA DÓRETIWSHISI

**Utambetova A.J.**
Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar Ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası
https://doi.org/10.5281/zenodo.17366723

S.Bahadırova jazıwshı, ilimpazlar arasında ózin tanıtıw menen kórkem ádebiyatımız hám qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminde birden kóringen talant iyesi bolıp, ótken ásirdiń jetpisinshi jılları ayrıqsha kózge túse basladı. Ádebiyatshılardıń durıs moyınlaǵanınday ol ilimpazlıqtan góre jazıwshı sıpatında tanıldı.

Haqıyqatında S.Bahadırovanı kópshilikke jaqsı tanıtqan – bul onıń eń dáslep jurnalda járiyalanǵan «Ekinshi muhabbat» (sońınan ol «Hayallar») degen ekinshi jer júzlik urıs shınlıǵınan alıp jazılǵan povesti boldı. Mine, usı povest bir qansha jergilikli ádebiyatshı sınshılar, jazıwshılar tárepinen waqtında sol jetpisinshi jılları durıs, joqarı bahalarǵa miyasar boldı. Bir utımlı úlken waqıya, bul tańlawlı shıǵarma tutas qaraqalpaq prozası menen ulıwma milliy kórkemlik sanamız tariyxında úlken iz qaldırǵan dóretpelerdiń biri sıpatında qaraqalpaq prozasınıń basqa da bir qatar shıǵarmaları menen birge 1982-jılı Moskvada sol waqıttaǵı Awqamlıq Jazıwshılar plenumında qaraqalpaq prozasın dodalawda salmaqlı bahaǵa miyasar boldı. Úlken Keńes, plenum májilisinde usı povestke ilimpaz hám jazıwshılardan Z.S.Kedrina, M.Parxomenko, T.Koxman, YU.Karasev, qaraqalpaq ádebiyatshısı talantlı sınshı Q.Kamalov úlken minberden joqarı júdá ájayıp hám orınlı baha berdi. Shıǵarma bunnan burın da milliy ádebiyatımızdıń bayteregi I.Yusupov sıyaqlı ilimpaz hám jazıwshı shayırlardan jergilikli baspa sóz betlerinde, májilislerde unamlı bahasın alǵan edi. Atap aytqanda májiliste ádebiyatshı Z.Kedrina joqarıdaǵı aytılǵan pikirlerin dawam etip bılay degen:

«S.Bahadırova eń aldı menen jazıwshı, bir neshe povestlerdiń avtorı ...Pútin bir romannıń mazmunı engizilgen «Hayallar» povestinde jazıwshı tárepinen sheshilgen wazıypa júdá qıyın. Bunda eki qaharmannıń: soldattıń jas jesiriniń hám onıń eń jaqın qurdasınıń tariyxı, bul jas qızlardı ekewi de turaqsız «qalalı» jigitke ashıq boladı. Milliy dástúr povesttiń tábiyat kartinaların súwretlegen jerlerinde, xalıq úrip-ádetlerin berip qoyıwda emes, eń baslısı, qızǵa tán sadıqlıq penen qaharmanlardıń xarakterlerin psixologiyalıq jaqtan tereń hám sarras ashıp beriwinde jazıwshı sheberligi anıq kózge taslanadı» [Ámiwdárya j., 1982. №11. – B.12].

Haqıyqatında da moskvalı ádebiyatshı úlken alımnıń bul pikirleri durıs edi. Al bul pikirlerdi minberden shıǵıp sóylegen úlken proza izertlewshileriniń biri T.Koxman bılay dep tolıqtırǵan: «Házirgi qaraqalpaq povestiniń naǵız tabıslarınıń

biri S.Bahadırovanıń «Hayallar» dóretpesi, shıǵarma ómir shınlıǵına oǵırı bay. Urıstan sońǵı tek eki erkegi ǵana qalǵan awıldıń turmısı ayqın hám tartımlı súwretlengen. Ziywardıń tilinen bayanlanǵan waqıyada, ádebiy qaharmanlar, awıl turmısında mashaqatlı awır miynetti emes, avtor hám oqıwshı ana tábiyattıń gózzallıǵın hám ájayıp adamlardı kóre aladı. Avtordıń názerinde eki qaharmannıń, birinshi muhabbatınıń palın tatqan Ziywar hám onıń baxıtlı dep baxıtlı emes kúndesi Xanzadanıń tágdiri oqıwshılardı qattı tolǵandıradı. Xanzadanıń obrazı ájayıp súwretlengen. Onda Sh.Aytmatovtıń Jámiylasınıń minezi bar. Ol Jámiyladay ómirden óziniń baxtın julıp alıw ushın barlıq barımǵa bara aladı, bul shıǵarma óz sırları menen urısqa nálet aytadı» [Ámiwdárya j., 1982. №11. –B.32].

Demek, haqıyqatında da S.Bahadırovanıń dóretiwshilik qoltańbasın ayqın túrde eń tunǵısh tanıtqan bul shıǵarmada urıs jıllarındaǵı awıl turmısındaǵı mashaqatlı miynet penen tábiyat gózzallıǵın, peyzajlardıń súwretleniwindegi sırtqı sheberlik faktorları ǵana emes, al ádebiy qaharmanlar táǵdiri: Ziywar hám Xanzadanıń ekewiniń de xabarshı jigitke ashıq bolıp qalıwı, Xanzadanıń óz baxıtı ushın gúresiw jolında Ziywardıń kúndesine aylanǵanın ózi de bilmey qalıwı, biraq bir neshe mártebe Ziywarǵa xabarshı jigitke turmısqa shıq ta al! – degen sózlerdi awızınan qalay shıqqanın bilmey-aq qalıw sıyaqlı tereń psixologiyalıq situaciyalar, jigittiń frontta qazalanıwı hám taǵı basqa syujet, konfliktlerdiń ayqın, tereń psixologizmge tolı súwretleniwi arqalı qaharmanlar xarakterleriniń tereńnen ashılıwı shıǵarmanı shınında da tek ǵana sol dáwirdegi emes, al bir pútin qaraqalpaq prozası menen povest janrınıń eń tańlawlı shıǵarmalarınıń qatarına alıp shıǵadı. Eń baslısı shıǵarmada ómir shınlıǵı urıs dáwirine baylanıslı júdá tábiyǵıy súwretlengen, qaharmanlar burınǵı jıllardaǵı ayırım aldın tayarlanǵan sxematikalıq syujet hám konfliktler menen emes, óz isenimligi menen súwretleniwi arqalı ómir shınlıǵınıń realizmge tolı ashılıwı úlken tabısqa basladı. Bul shıǵarmanı sol jılları ataqlı shayır I.YUsupov bılayınsha bahalaǵanı da xarakterli orınlı bolıp esaplanadı: Shıǵarmanı «...oqıǵan oqıwshıǵa óz sırın búkpey ayta alatuǵın lirik qaharmanı bar. Bul shıǵarmanı oqıǵanımda Sh.Aytmatov dóretken «Jámiyla» povestin Lui Aragonnıń «bul muxabbat poeması» dep maqtaǵanı esime tústi» [Allambergenov K., Esenov J., 1979].

Haqıyqatında da «Hayallar» povestinde joqarıda rus ilimpazlarınıń da aytqanı sıyaqlı muhabbat erkinligi, óz baxtı ushın gúressheńlik, ómir shınlıǵınıń dramatizmge tolı kartinalarınıń ádebiy qaharman tilinen tolqınlı lirizm menen beriliwi, dialog hám ishki monologlardıń tirisheńligi menen kórkem psixologizmge tereń súwǵarılǵanı povest jurnal betlerinde járiyalanǵan jılları da

házir ǵarrılıq jasqa shıǵıp qalǵan áwladtı búgingi jas áwladları eriksiz ózine tartadı.

Shıǵarmadaǵı barlıq ádebiy qaharmanlar: Ziywar, Xanzada, Bekturǵan, Ziywardıń ákesi, anası hám taǵı basqalar óz tereńligi, tábiyǵıylıǵı menen ashılǵan obrazlar. Olardıń barlıǵı da urıs dáwirinde naǵız ómirde bolǵan qaharman insanlar bolıp kózge taslanadı. Jazıwshı shıǵarmasınıń tuńǵısh atı jurnal nusqasında ne ushın «Ekinshi muhabbat» dep qoyǵan eken degen soraw tuwıladı. Óytkeni shıǵarma syujetleri, konfliktleri hám sheshiliwi payıtları Ziywardıń wákil jigitke degen muhabbatınan tısqarı májburiy túrdegi «ekinshi muhabbatı – urıstan saw halında qaytıp kelgen, kópshilik onsha bile bermeytuǵın sırı bar: sol front waqıtları dushpanlar tárepinen tutqınǵa túsken, qanday da sebepler menen qashıp qutılıp, sońınan bir neshe waqıtlarǵa shekem mámleketlik qadaǵalawda bolǵan Bekturǵannıń ekinshi muhabbatı oyanıp ashıq bolıwı, Bekturǵannıń buǵan birden há degennen juwap qaytara almawı, sol Bekturǵan menen ózi shaqqan», «tis qaqqan», belsendi kelinshek, ele muhabbat lázzetine qanıp úlgermegen Xanzada arasında tásirsheń, emocionallıǵı tereń oylılıǵı – psixologizmge bay dialog, qısqa syujet detalları hám taǵı basqalar qanday da estetikalıq talǵamdaǵı kitapqumarlardı tolqınlandırıp, urısqa, ómir qarama-qarsılıqlarına nálet aytqızbay qoymaydı. Álbette, bulardıń barlıǵı jazıwshı S.Bahadırovanıń sezimtal insan, dóretiwshilik sheberlikke bay qálem iyesiniń ómir shınlıǵındaǵı keskin dramatizmlik syujet waqıyaların negiz etip alıp súwretlewleriniń nátiyjesi bolıp esaplanadı. Povest syujetin eske túsirip qarasaq, Bekturǵan ózi tutqınǵa túsip mámleket tárepinen qadaǵalaw astında bolǵanı ushın hesh kimge batınıp sóz ayta almaydı, biraq barlıq shınlıqtı óz ishki ruwxıylıǵı menen tereń sezinedi. Sonlıqtan ol Xanzadaǵa ótkir túrde tek ǵana aqlanıp, kewil sarayı ashılǵan waqıtları ǵana pánt bererlik keskin juwap retinde «jeńge kóylek» ákelip taslaydı, batıl sózler aytadı.

Shıǵarmadaǵı Ziywar dáslep tartınshaq, awıldaǵı naǵız qaraqalpaq qızlarına tán bolǵan iybelilikke iye qız. Al Xanzada bolsa qashshan beti ashılıp ketkeninen tısqarı ózi tábiyatı menen shaqqan, óz pikiri tiline tıǵılıp turǵan jas kelinshek. Ol awıllas biykeshi, paxta dalalarında miynet etip júrip Ziywarǵa: «qolıńa qonǵan baxıt qusı shıǵar, qolaylı kelse, tiy de al. Seni alatuǵın jigitlerdiń bári urısta joq boldı, quday aydap kelgen shıǵar, seniń teńiń eken, biykeshjan! Awzı sóz aytıwǵa juwısqanday bolsa tiy de al!» deydi ol awılǵa kelgen wákil jigit Yaqıptı názerde tutıp. Biraq sol waqıttıń ózinde Xanzadanıń júreginde Yaqıpqa degen ishki sezimleri jasırınıp atır eken-dá. Sońınan ol Yaqıp penen ıshqı baylanısı jasalǵanı sezilip qalıp, awıllasları tárepinen tek ǵana ruwxıy awızsha dákki jegeni

menen sheklenbey, arbaǵa baylap qoyıp onı birewdiń nekesin buzıwǵa aralasqanı ushın qattı jazalanadı. Álbette, bul xalıq dástúri boyınsha ádep-ikramlıq qádeleriniń saqlanıwınıń bir kórinisi, ómir dramatizminiń ayqın sáwlesi edi.

Endi baslı ádebiy qaharman Ziywardıń tili menen avtorlıq poziciyanıń sintezi sıpatında mınaday súwretlewlerge itibar bersek, shınında da povesttegi bayanlaw poetikasınıń ótkirligi, onıń haqıyqatshılıǵı, tereń realizm menen ayqınlasıp keledi.

«....teńi bolmaǵan soń ol kúnleri qızlardıń kewlindegidey adamdı tabalmay nala shegiwi ersi emes edi». «Boyı sını dúziw, basına telpek kiygendi kórsek awıldıń barlıq qızı bolıp kimniń úyine keldi eken dep sırtınan sıǵalasıp turǵanımız»[Bahadırova S., 1973. –B.4].

Mine, bular joqarıdaǵıday I.YUsupovtıń gápleriniń, onıń ádebiy qaharmanlar minez qulqı menen shıǵarmadaǵı avtorlıq bayanlawdıń ádebiy qaharmanlar tilinen aytıp beriw formasındaǵı bayanlaw texnikasınıń tásirsheńligi, haqıyqatshıllıǵın ayqın dáliylley aladı. Haqıyqatında da S.Bahadırovanıń shıǵarmasınan basqada sol jılları júzege kelgen T.Qayıpbergenov, Sh.Seytov, U.Pirjanov, K.Raxmanov, sońınan B.Aymuxammedova, D.Sherniyazova hám házirgi dáwirdegi kóplegen jazıwshılardıń povest, basqa da janrlardaǵı dóretpelerindegi usınday ádebiy qaharmanlardıń ashıq kewilligi menen ishki sırları milliy realistlik kórkem prozamızǵa xarakterler jaratıwda tereńlik, ulıwma ómir shınlıǵın súwretlewde úlken poetikalıq sheberlik alıp kelip atırǵanlıǵın aytıw orınlı.

Sóz etilip otırǵan povestte geypara orınlarda ádebiy qaharmanlardıń qıymıl qozǵalısların da ádebiy qaharman tilinen bayanlap jazıwshı avtor menen ádebiy qaharman tiliniń stilindegi jaǵıtallıqtı, realizmniń tereńligin, emocionallıqtı támiynlegen. Atap aytqanda Ziywardıń wákil hám xabarshı jigit Yaqıpqa ashıqlıǵınıń oyanıw dáwirlerin mınaday bayanlawlar arqalı sáwlelendiriw sheberligine názer awdarsaq: Ol dáslep Yaqıptı kórgende onıń qolına úyinde mıs quman menen suw quyıp atırǵanda jigitten qattı uyalıp, qısılıp qımırladı. Usı orınlar avtor lirik qaharmannıń tilinen tábiyǵıylıǵı menen kórkem psixologiyalıq halat túrinde mınaday dep jazılǵanı itibarlı poetikalıq sheberlik áhmiyetine iye: «Meniń qısılǵanımdı sezgendey artımdaǵı qos burımnıń birewi aldıma sıpırılıp tústi. Kópten berli dúkanlarda lenta bolmaǵanlıqtan shashımızdıń ushına qara sabaq penen tańıp qoyǵanbız... Men onıń shashımnıń ushındaǵı qara sabaqqa kózi túsip ketti me dep burınǵıdan beter qısınıp kettim, dárriw burımımdı arqama tasladım». Yamasa Ziywardıń anasınıń mınaday ishki monologlarına dıqqat awdarsaq: «Qarshıǵam, jas kettiń-aw qulınım!!! Jáne kemseńlep kózinen jasın

súrtti. – Keshegi wákil jigit meniń Saparbayjanımdı tanıydı eken, bunıń tuwısqan aǵası Saparbay menen Nókiste birge oqıptı». «Apamnıń bul sózi wákil jigitti maǵan burınǵıdanda ısıq etip kórsetti, qıyalım sharlap keshe tórde otırǵan sulıwshıq jigitti kóz aldıma keltirdi»[Bahadırova S., 1973. –B.23].

Bul qatarlardaǵı avtor sózi, qaharmanlardıń dialogi menen ishki monologları birligi – sintezi usı shıǵarmadaǵı ómir shınlıǵı menen qaharmanlar táǵdirin, xarakterlerin ashıp beriwdegi poetikalıq sintetikalıq birlikti, ádebiyatshı Z.Bekbergenovanıń kórsetkenindey [Bekbergenova Z., 2016.] bayanlawdaǵı eki hawazlılıq, bálkim kóp hawazlılıq kórkemlew usılların payda etip, olardıń barlıǵı qaraqalpaq kórkem realistlik prozasındaǵı poetikalıq sheberlik tabısların, olardıń shıńǵa órlep baratırǵan tez rawajlanıw jolların, zamanǵa oqıwshılardı ózine tartıw texnikasınıń óskenligin, izlenisler belsendiligin ańlatıp turadı desek boladı.

S.Bahadırova eń baslısı qaysı bir kórkem prozalıq shıǵarmalarında bolmasın ómir shınlıǵınıń keskinlesken máwritlerin tiykarǵı konflikt etip alıp, olardı oraylıq orınlarǵa qoyıp ádebiy qaharmanlar xarakterin ashıp beredi. Onıń taǵı bir povestleri: «Keshikken soldat», «Turmıs sabaǵı», xújjetli povesti «Qanatınan qayılǵan suńqar» (N.Dáwqaraev haqqında) hám tariyxıy povesti bolǵan «Toris hám Kir» dóretpelerinde túrli-túrli tariyxıy dáwirlerdegi keskinlesken konfliktlerge tolı waqıyalardı syujetke túsirip, olardı kompoziciyalıq formalarda súwretlep tutas ómir dramatizmin ashıp beredi qaharmanlıqtı, shıdam taqaattı, mártlikti ulıǵlaydı, qızǵanshaqlıq, bir-birin kóre almawshılıq, aldamshı muhabbattı, turaqsızlıqtı qaralaydı, joqarı adamgershilikke tolı insanlar xarakterin ulıǵlap, olardı isenimli túrde tereń realizm, liriko-psixologizm, hújjetlilik hám tariyxıy principlerine sáykes túrde qálem tartadı. Bul baǵıtta jazıwshı ilimpazdıń qaraqalpaq ádebiyattanıw ilimi menen sınınıń tariyxında uzaq waqıt saqlanatuǵın, xalıq aqıl parasatı ushın jumasala beretuǵın gúrrińler boyınsha izertlewi, kandidatlıq dissertaciyası, «Roman hám dáwir», «Folklor i karakalpakskaya sovetskaya proza» hám kóp sanlı maqalaları xalıq ruwxıylıǵı menen házirgi ádebiy processke, ilimiy aylanısqa belgili tásir jasap, olardıń barlıǵı jazıwshı ilimpaz S.Bahadırovanıń seksen jaslıq ómirine úlken quwanısh baǵıshlap atır, xalıqtı bárqulla jaqsı qásiyetlerge baslap barmaqta. Bulardı onıń kóp sanlı shákirtleri, ádebiyatshı sınshılar dawam etip rawajlandırıp atır.

## Paydalanǵan ádebiyatlar:

1. Ámiwdárya. Nókis. 1982, №11. –B.5-34. (SSSR jazıwshılar Awqamı plenum májlisi materialları).
2. Allambergenova K, Esenov J. Ilimpaz jazıwshı. «Jas Leninshi» gazetası, 1979 jıl 16-oktyabr.
3. Bahadırova S. Hayallar. Nókis, «Qaraqalpaqstan», 1973.

4. Bekbergenova Z. Qaraqalpaq romanlarında kórkem sóz poetikası. Nókis. «Ilim», 2016.